# Нур

ISSN 0207-6551
2
2017

6+



# Редакторым и псалъэ

Нурым и еджакIуэхэ! ЩIалэ цIыкIухэр фыщагъэлъапIэ махуэшхуэр къэтлъытэри, мы къыдэкIыгъуэм гулъытэ нэхъыбэ зыхуэтщIар фэращ.

Дэ дощIэ фэ псори «тху» защIэкIэ фызэремыджэр, спортым димыхьэхыххэ къызэрыфхэтыр. УсакIуэщIэхэм, сурэтыщI ныбжьыщIэхэм, еджэным щехъулIэхэм зэпимыууэ гу къыфлъетэ мы журнал цIыкIум. АтIэ, зи Iэпэ Iэсэхэм дывдэIэпыкъу щхьэ мыхъурэ? IэпщIэлъапщIагъэм нэхъ фIыгъуэ цIыхум иIэкъым,– зи мылъкуи бгъэдэмылъыжу абы къыхуихуэми, и IэкIэ хуэщIым игъэпсэунущ. Лъэпщ гъукIэр IуэрыIуатэм зэригъэлъэпIам нэхъ щапхъэфI укуейкъым: ар Тхьэпэлъытэщ!

Лъэпкъ IэщIагъэ куэд къощIэрэщIэж иджы. ЦIыкIухэ,фэ куэд къыфхэтщ IэщIагъэхэм къатехъукIа унэцIэ зезыхьэхэу: ГъукIэ, ГъуаплъащIэ, ГъущIо, ГъущIапцэ, ГъукIэпщокъуэ, ГъукIэжь, УанащIэ, КIыщокъуэ, АфэщIагъуэ, АфэщIыж, ДыщэкI, КIыщ, ПхъащIэ, Пхъэшх, Цей, н. къ.,– фэри IэпщIэлъапщIэ фыхъуфынущи, фи нэхъыжьхэм феупщIурэ фикъызитехъукIахэм я хъыбар зыхуевгъэIуэтэж.

Зи Iэпэ дыщэ къыпыщу, зи нэхъыжьхэр зыгъэгушхуэу къэхъун щIэблэ тхьэм фытхуищI!

ЯБРОКЪУЭ Б.

## Пхъэпс

ХЬЭЩЫКIУ ХЬЭСЭН

ПАПЭ ПХЪЭПС КЪЫСХУИЩЭХУАУЭ,
ПХЪЭБГЪУ СОУПСЫР, ЗЕЗГЪЭСАУЭ.
ФЕПЛЪЫТ: СОЩI БЭЛАГЪ НЭГЪУНЭ.



ШЭНТИ СЩIАУЭ ЩIЭТЩ ЛЭГЪУНЭМ.
ХЭЗМЫIУКIЭУ ЗЫ ГЪУЩI IУНЭ
СЩIАЩ ДЫГЪУАСЭ БЖЭНДЭХЪУ УНЭ.



ФХУЭСЩIЫФЫНУЩ-ФЫЗЫХУЕЙР,
КЪЫСХУЭФХЬ ЗАКЪУЭМЭ ДЭШХУЕЙР.



# ШЭДЫБЖЬ

Йопщэ папщэу
Шэдыбжьыжьыр:
Пыху– пыху– пыху!
Йопщэ лъэщу
Шэдыбжьыжьыр:
Пыху– пыху– пыху!
Йопщэ мафIэр
ЗэщIэплъэхукIэ:
Пыху– пыху– пыху!
Нал ящIыну гъущIыр
ПлъыхукIэ:

Пыху– пыху– пыху!
Епщэ, епщэ,
Шэдыбжьыжь:
Пыху– пыху– пыху!
Епщэ, епщэ,
Жьы ныбжэжь:
Пыху– пыху– пыху!
ГъукIэр
ГъущIым
Йоплъри –
Плъащ.

Уэри укъызэщIэплъащ:
Пыху– пыху– пыху!
ГъущIыр
Дэпым къыпэрех,
ГъущIым
Гъуэзыр къыщхьэщех.
ГъукIэм
ГъущIыр хеупIэщIыкI:
Дзу– дзу– дзу!
Нал дахэшхуэ
КъыхещIыкI:
Дзу– дзу– дзу!
Уэ уезэшкъым,
Шэдыбжьыжь:
Пыху– пыху– пыху!
Уэ уезэшкъым,
Уемышыж:
Пыху– пыху– пыху!
ТIэкIу увыIи
Зыгъэпсэху,
Шэдыбжьыжь,
Нал ищIахэр
Ипсыхьыху,
Пыху– пыху– пыху!

ЩОДЖЭН Леонид

# ГЪУРДЭ



Еджэу ГъурдэкIэ
ЛIыжь цIыкIу
Дэсщ ди къуажэм.
Ини цIыкIуи ар къацIыху,–
КIэрысщ набжэм.
Гъурдэ иIэщ джыдэ жан,
Iэдэ, уадэ.
Езы дади зегъэжан,
ДыдкIэ «мадэ».
Гъурдэ дыдкIэ
Лъей едыж:
«ГъэщIэгъуэн-тIэ?!»
Гъурдэ дыдкIэ

Чын едыж:
«ГъэщIэгъуэн-тIэ?!»
Гъурдэ дыдкIэ
ЩIопщ едыж:
«ГъэщIэгъуэн-тIэ?!»
Гъурдэ дыдкIэ
Бжыхь едыж:
«ГъэщIэгъуэн-тIэ?!»
Гъурдэ дыдкIэ
Дыд едыж:
«ГъэщIэгъуэн-тIэ?!»
Идыж псори къотIэпIыж.
«ГъэщIэгъуэн-тIэ?!»

БОРЫКЪУЕЙ Жаннэ

# АДЫГЭБЗЭМ И ПШЫНАЛЪЭ



***Мазаем и 21-р анэдэлъхубзэм и Махуэшхуэщ. Ди адыгэбзэ хьэлэмэтыр зэдвгъэгъащIэ!***

**П**-уэ пхъэр зэгуаIулIащ,
**Д**-уэ лъакъуэ щIаIулIащ,
**О**-м щIыхьэбжэу зиущIащ,
Бзу хьэщIэщу – унэ хъуащ.



**Хъу** хьэрфым Iэнэу щIэтщ лъакъуитI.
И хъупым йохуэ шху литритI.
IэфIыкIэр сэмбу **У**-м иIыгъщ,
Хьэрф берычэту **Хъу**-м зиIыгъщ.



Цы щIыхьэхукIэ **Ц**-р ящIащ.
Япхщ, яджщ, ядри, – цей ящIащ.
Цейр пщэдджыжьым хьэзыр хъуащ,
Зыхуадами ар хуэхъуащ.



**Дж**-м джатэ игъабзэурэ
Джэгуи зэхешэ,
**Дж**-р джатэм и лъабжьэми
Шынэу щымыджэ.



**КІу**-р хьэщІапІэ къысхуэкІуащ,
Мэрожнэшхуэ къысхуихьащ,
Шей бжэмышхи къыщІигъуащ,
Сэ абы сигъэгуфІащ.

## КІУ



ПІэ хъыринэ **ПІ**-м зищІащ,
Жэщ уэздыгъэ пигъэнащ.
МыпІэтІауэу пІэм щожейр
ПытІэ цІыкІуу нэкІу хъурейр.

## ПІ



**Ч**-м чэзуурэ Іэр еІэт,
ЗэхэзекІуэм гъуэгу ярет,
Зэхэзежэм гъуэгу ярет,
Ар «гъуэгу хабзэм» екІуу тетщ.

## Ч

**ТІ**-м вы бжьакъуэу зишыхьащ,
Къэгубжьами, зишыІащ.
И акъылыр мыІуэнтІа,
Шынэу, ар имыкІуэта.

## ТІ





## Я Л

**Л**-м лъакъуитІ фІэкІ, зы имыІэт,
КъэкІухьын фІэкІ, Іуэху имыІэт,
Щхьэ къратри, **Я** ар хъуащ,
ЗигъэщІагъуэу ежьэжащ.

*Дэ къытхуатх*




## ПСАЛЪЭЖЬХЭР:

Гъущlыр плъа щlыкlэ еуэ.
Кlыщ уэщыншэщ.
Нэ илъагъу lэ ещlэж.
Нэр делэщ, lэр бланэщ.
lэщlагъэ зиlэ lэужь иlэщ.
Гъущl куэбжэ зиlэ гъущl мастэ щощlэ.
Гъукlэм и lэщэр lэдэрэ уадэрэщ.
Гъущlым уеуэху хокl.
Гъущlыр зэращlыр зыщlэм гъущlыпэ пхъэнкlийм хидзэкъым.

## НЭЩЭНЭ:

Гъущlыпэ къэбгъуэтыну фlыщ.

## ЖЫlЭГЪУЭ:

Гъусэ мыхъумыщlэ нэхърэ – гъущlыпэ.

## ПСЫНЩlЭРЫПСАЛЪЭХЭР:

Гъукlэр бгъукlэ къапкlэри пкlэлъейм дэпкlеижащ.
Гъущlыр пlащlэу упlэщl, и кlэр кlэщlу пыупщl.

## КЪУАЖЭХЬ:

Зи пэр гъущl, зи пэр пхъэбгъу, зызыгъэпщ, зызыгъэщхъ, фlыцlэр плъыжьу lузылыкl. (*Шэдыбжь*)

Адакъэкlэу къэгъэша, къазшырыдзэу дэпкlыкlа. (*Гъубжэ*)

Зи сыджыр абрэмывэ, зи уадэр зи lэштlым. Нарт эпосым хэт лlыхъужь. (*Лъэпщ*)

## ХЪЫБАР: «Нал lунэр бэн **lунэ зыщlыж** Тхьэр щыlэщ»

Пщы залымым* и гъукlэр иукlыну мурад ищlри къриджащ:

– Ныжэбэ шищэ я нал lунэ пщlауэ нэху къыумыгъэкlмэ, узукlынущ.

Гъукlэр нэщхъейуэ къэкlуэжу пщы унафэр и щхьэгъусэм щыхуиlуэтэжым, ар къеубзащ:

– Уигу хыумыгъэщlу гъуэлъыжи зыгъэпсэху, нал lунэр бэн lунэ зыщlыж Тхьэр зэрыщыlэри уигу иумыгъэху, – жиlэри.

Пщэдджыжьым гъукlэр иджыри къэмытэджауэ пlэм хэлъу пщым и пщылlхэр къэсащ:

– Маржэ хъун, тэджи бэн lунэ щlы, ди пщыр щыlэжкъым!

Пщыр лlауэ нэху къекlауэ арат. Псалъафэр мы хъыбарым къытехъукlащ, lей зигу илъым къыззэрыхуэмыгъум и нэщэнэу.

* *Залым* – ткlий, бзаджэ.

***БОРСЭ Эльдар,*** 6-нэ класс,
Шэджэм Етlуанэ,
курыт еджапlэ № 2

*Къэрэшей-Шэрджэсым къратхыкI*

# АДЫГЭ ЛЪЭПКЪ IЭЩIАГЪЭХЭР

Пасэрей IэщIагъэхэм ятеухуауэ гу зылъывэзгъэтэнухэр:

***Шыхъуэ*** – шы зыгъэхъу, зезыхуэ. Пасэ зэманым шыхэм я лъакъуэм нал щIамыукIэми лъэрыхьу, лъэ быдэу щытауэ жаIэж.

***Iэщыхъуэ*** – адыгэхэр хуабжьу Iэщ гъэхъуным пылът: былым, мэл, бжэн куэду зэрахуэрт. Мэл-бжэну зы унагъуэм хуэзэу минитI, е нэхъыбэ зыIыгъ яхэтт; джэдкъазри яфIэфIт, гуэгушым и лым нэхъ къабзэ зэрыщымыIэри къагурыIуэрт.

***ХадэгъэкI*** – жыг гъэкIынкIэ Iэзэ дыдэу щыташ ди лъэпкъыр. Кхъужьеймрэ мыIэрысеймрэ зыхуагъадэ щыIэтэкъым; гъавэхэкIыу гуэдз щабэ, хьэ, ху, нартыху ягъэкIырт. ГъэщIэгъуэнракъэ, къэкIыгъэхэм я фIэщыгъэцIэу минрэ щэ никъуэм нэблагъэ ди лъэпкъым яIащ, ди бзэм хэташ. ***Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт а бзэм и къулеягъыу щытар!***

Иджырей зэманым къэса IэщIагъэхэм ящыщу сэ нэхъ сфIэфIыр макъамэ гъэIуным ехьэлIахэраш.

Си егъэджакIуэр пхъэху макъамэ Iэмэпсымэхэр зыщI, абы Iэзэу еуэ, щIэблэр дызыгъасэ IэщIагъэлI ***АШЭБОКЪУЭ Азэмэтщ.*** Ар Псэуклэ Дахэ щыщщ. Абы и шыкIэпшынэр къыщищтэкIэ, зэм цIыхум хуэдэу егъэпсалъэ, зэм, гущIэм зигъаззу, и макъамэм щIэлъ гукъеуэхэр зыхыбощIэ.

Нэхъапэхэм макъамэ Iэмэпсымэ зыгъэIуу щытар щIалэхэрат, махуэкIэт шыкIэпшынэ щеуэри, ику ит пэшым щIэсу. Иджы пщащэхэри дехьэх. Сэри сызыIэпишащ. Сэ абы ди адыгэ макъамэхэр къыщизгъэкIкIэ, си лъэпкъым и блэкIам сехьыж ...



Сурэтым: Хьэмдэхъу Бэллэрэ Ашэбокъуэ Азэмэтрэ

***ХЬЭМДЭХЪУ Бэллэ***, 8 «А» класс,
Арэшыкъуэ Р. Р. и цIэр зезыхьэ
Хьэбзэ курыт еджапIэ.
ЕгъэджакIуэр ***ШЭРДЖЭС Расьятщ***



# АРДЖЭН ЩЫКIЭ ЗЫДОГЪАЩIЭ

Арджэныр лъэпкъ *Iэщ|агъэ* нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Адыгэм и закъуэщ ар зиIэр, абыкIи лъапIэщ. Сурэтыщl ***МЭЗЛО Руслан*** къехъулIащ ар искусствэм хишэну. Абы ищI арджэнхэр «дыгъэу къопс», «мэпсалъэ», «мэджэгу», «макъамэ къагъэлу»… А щIалэм и цIэр тхыдэм къыхэнэнущ.

Фэри фыдихьэхыну пIэрэ мы Iэщlагъэ дахэм?











**ПСАЛЪАЛЪЭ:**

**Арджэн** – алэрыбгъум ещхьу арджэнудз зэIуща;

**Арджэнудз** – гуэл, псыпцIэхэм къыщыкI къамыл (камыш) удз лIэужьыгъуэ (рогоз); тхьэмпэбгъуэуи тхьэмпэ зэвуи урохьэлIэ;

**Арджэныпс** – щIэп Iуданэ быдэу арджэнунэм иращIэ;

**Арджэныщl** – арджэным елэжь, ар зэlузыщэ цIыху;

**Пхъащэкъедзых** – арджэнудзхэр зэрызагулI пхъэ къедзых;

**Пхъащэунэ** – арджэн зэращI пхъэбгъу зэIулIа (станок).



# ЗЭБГЪАЩІЭР ІЭЩІАГЪЭЩИ, УМЫЩІЭР ІЭФІЩ.

*(Адыгэ псалъэжь)*

Пхъащэунэм (*сур. 1)* арджэныпсхэр (*Іуданэхэр*) (*сур. 2*) ирикІуэу ищІащ; пхъащэкъедзыхым иІэ гъуанэхэм а Іуданэхэр иужащ (*сур. 1*). ПсыІэу щытын хуейщ арджэныпсхэр, уи Іэпэр тыншу дэбгъэлъадэу, пхъащэкъедзыхыр къемыхуэхыу иІыгъыу.

Арджэнудзри псыІэу, щабэ-лантІэу щытын хуейщ (*сур. 3*). «ПлъыфитІэзэблэхъу» тщІынущи, зыр ижьымкІэ идоу, адрейр сэмэгумкІэ къыщыдогъажьэ (*сур. 4*). (*ДыгъапІэм щыдгъэгъуар нэхъ гъуэжьщ, жьауапІэм щытІыгъа удзыр нэхъ щхъуантІэщ*).

ТІурытІу дэтщІеяр пхъащэкъедзыхымкІэ зыдогулІ (*сур. 5*), догъэбыдэж (*сур. 6*), нитІкІэ догъэІэпхъуэри зыдогулІ, догъэбыдэж (*сур. 7*), аргуэруи къызэредгъэжьам дыкъытехьэжурэ «плъыфитІэзэблэхъур» дыдощІей (*сур. 8*).

Арджэн дэтщІейм и бгъуитІымкІэ пылеикІхэр тшыхьурэ арджэныпсым дыдогъэубыдэ и щІыбагъымкІэ. Лейхэр иужькІэ ІэкІуэлъакІуэу пыдоупщІыж (*сур. 6-7*).

Хьэзыр хъуа арджэныр къыфІэтхыжа иужь, арджэныпсхэр быдэу зэрыддзэнущ (*сур. 9*). КъыпылеикІыу къэзыгъани пызыупщІи щыІэщ (*сур.10*).



6



7



8



9



10

# ЛЪЭРЫЖЭ



НурЦIыкIураш ди журналым и илъэсыщIэ псейр щигъэдахэм, абы хигъэпщкIухьат псалъэ гуэр, ар къэзыгъуэтыф къэщIэгуэр, ар къэзыгъуэтыф къэщIэрейхэми а псалъэм усэ хуатхыну къалэн ящищIат.

Мис иджы, усакIуэ цIыкIу зыбжанэм ЛЪЭРЫЖЭ псалъэм хуатха усэхэм фэрэ дэрэ дыкъоджэ.

***

Си шитI-лъэрыжитIым
Зызгъэлlу сытету,
Мыл гъуджэм щызощI ислъэмей.

Лъэрыжэхэм си лъэр сэ
Яхь щхьэхуимыту,
Макъамэм зыдащI, зэм долъей.

КъысфIощI къыздэджэгуу
Дунейр къыздэуджу,
Жьы къепщэм уэс хужь дрепхъей.

Лъэрыжэр къыздофэ.
Жьым уэсыр къегъафэ.
ФыкъакIуи къыддэфщI ислъэмей!

**МАХУЭ Самирэт,**
Налшык къ.
29-нэ еджапIэ,
5-нэ «Д» класс

***

Уэс убар хъужащи быдэ,
Къэбжыхьыну къыпхуимыдэ.
Лъэр щIигъэжу уимыгъакIуэ,
ЗэпцIыжауэ, хъуауэ щIакIуэ.

Ар щилъагъум, нанэ жеIэ:
– Нобэ уэ зыхуэгъэшыIэ,
Сэ лъэрыжэ къыпхуэсхьынщ,
КъэжыхьынкIи пIуэтэжынщ.

ЛъэрыжитIыр къысхуихьауэ,
ДзитIыр мылым тезгъэзуауэ,
Макъ езгъэщIу сэ срожэ,
ЛIыгъэ фиIэм, фыкъыздэжэ.

Ди гъунэгъухэр къысщIэмыхьэу,
Си лъэрыжэм сызэрихьэу,
Вагъэбдзумэу мыл дызотхъу,
Нанэ гуфIэурэ къысщотхъу.

**МАМХЭГЪ Асир,**
Шэджэм къ.,
еджапIэ № 1, 3-нэ кл.



Къармэхьэблэ жылэм Iуащхьэ щынэхъыбэ? Я щIымахуэр нэхъ жьыч, хьэмрэ лъэрыжэкIэ нэхъ къажыхьрей? - Абы къратхыкIауэ усиплI къытIэрыхьащ.



***

Хэт лъэрыжэу, хэти Iэжьэу
Джабэ нэкIум къыщажыхь.
Сэри, ауи зызмыIэжьэу,
Школ нэужьым си лъэр сохь.

Дауэ сщIыну? СиIэр Iэжьэщ,
Сэ лъэрыжэм сехъуэпсащ.
ЗызмыщIэжу ар си лажьэщ,
Абы си псэр ихьэхуащ.

Нэгузыужьщ щIымахуэ щIыIэр,
Зы сабийм къемыхьэлъэкI.
ГуфIэ-гушхуэу зэрохьэхыр,
Iуву уэсыр иратхъуэкI.

Сэ лъэрыжэ къыщызатым
Си гуфIэгъуэм зиIэтащ.
Iэжьэ тесхэм сакъытежу
ЗызгъэнщIыху сыкъежэхащ.

ШЭРУ Айдэмыр,
3-нэ кл.



***

Уафэ къащхъуэм
Нэху зэрыщрэ
Уэсыр дахэу къощэщэх.
Къысхуахьащи сэ лъэрыжэ,
Псори джабэм дыкъожэх.

КЪЭШЭЖ Марианнэ,
3-нэ кл.

***

Сыкъожэхыр джабэ цIыкIум,
Си лъэрыжэм сырехьэх.
ЕщI лъэрыжэм лъагъуэ екIуу,
ПъэужьитIыр къретхъых.
Зезгъэсауэ сытетыфщи,
Ауэ зэ семыбгъунлъэкI.
Си шыпхъу цIыкIуми, си гъэсэнщи,
Къимыгъанэ хузэфIэкI.
Дыгъэр нобэ къыддогуфIэ,
Уэсым щабэ зыкъытхуещI.
Джабэ цIыкIур догъэбжьыфIэ,
Сэ щIымахуэр зым пэзмыщI.
Бгыщхьэм зэ дыкъыщыщIедзыр,
Зэм бгы лъапэмкIэ докIуэкI,
Жьыбгъэ щIыIэм зыкъыдедзыр,
Дэ псынщIагъэкIэ дофIэкI.
Си лъэрыжэ, си лъэр мажэ,
Си лъэрыжэ, сыбощI жан.
Си щIымахуэ, гу пщысхуауэ
ИмыкI зэи уи зэман!

КЪАРМЭ Нарт,
3-нэ кл.

***

Уэс щIымахуэр, мис, къэсащ,
ИхъуреягъкIэ зэщIэщтхьащ.
Нэм къиплъыхьым уэс тесащ,
Iуврэ-щабэу къытрилъхьащ.

Си лъэрыжэ псынщIэрыкIуэр
Сэ пкIэунэм къесхьэхащ.
Ди гъунэгъу джабэшхуэм сыкIуэу
Сыкъехыну сигу ислъхьащ!

БЕЙ Беслъэн,
3-нэ кл.

Къытхуэтхэ сабийхэми, абы къадэлажьэ нэхъыжьхэми фIыщIэ фхудощI. Мы журналым къракIыурэ усэ зэзыгъащIэхэм, таурыхъ е хъыбар къытхузыIуэтэфынухэм, театр теплъэгъуэ зыгъэлъэгъуэфыну гупхэм дыфпоплъэ телевиденэм фIэдгъэблэгъэну. Ди тхыгъэ къудейкIэ мыхъуу, фэ езы цIыкIухэр фыкъэтцIыхуну, дывдэлэжьэну дыхуейщ.

«НУР»

*ГЪУБЖОКЪУЭ Лиуан*

# ХЬЭПШЫП ЖЬГЪЕЙХЭМ Я ТЫКУЭНЫМ



Хьэпшып жьгъейкIэ еджэу мин
Щащэу щыIэщ тыкуэи ин.
Гъуэтыгъуейщ абы щIэмылъ,
Гъуэтыгъуейщ абы хэмылъ:
Iэдэ,
Уадэ,
Джыдэ,
Къэп,
ФIанэ,
Пхъэх,
IункIыбзэкъэб.
Сытри мыбы щыбгъуэтынущ,
Псори сэбэп къыпхуэхъунущ...
Зэгуэр,
Къуажэр зэгъэжауэ,
ЦIыкIуи ини жеижауэ
Тыкуэнхъумэр щыщхьэукъуэм,
ЩIадзэ ахэм зэныкъуэкъуу:





«Сыт дэ жьгъейуэ дыщIалъытэр
Ди тыкуэным къакIуэ псоми?
Дэ щыхуейм дыкъамыгъуэтым,
Иреплъыжыт зэрыпсэум!» –
ЖаIэу зыжьэу, мис апхуэдэу
Хьэпшып псоми зыкъратIащ.
Жьгъейкlэ къеджэу зым имыдэу,
Хьэлэбэлыкъ къаIэтащ.

– Сыт сэ жьгъейуэ сыщIалъытэр?–
Дыдым пхъэбгъум зыхисащ.
– Сыт сэ жьгъейуэ сыщIалъытэр?–
Мес, гъущI Iунэм зырисащ.

– Уи щхьэ пIащIэм семыуамэ,
Сытым уэ урисэбэпт?!–
ЖиIэу, Iунэм ныпэрыуэу,
Уадэр зэуэ къызэгуоп.
– Сыхэмыту мэкъу аргъынэ
Пыраупщlи иреплъыж...
– Сэрыншауэ бгым мэкъуIэнэ
Щрыращти иреплъыж...
Шэмэджышхуэм зегъэщIагъуэ,
Йожьуужыр абы гуахъуэр.

– Сыхэмыту пхъэ зэгуахрэ?–
Пхъэхым и дзэр зэрегъэшх,
– Пхъэ сэрыншэу якъутэфрэ?!–
Джыдэм и щхьэр къыкъуегъэж.

– ЛIыгъэ зиIэм, сримыIэу,
Къырешэжыт зы мэкъугу,–
Мес, щIэп кIапсэм ахэр жиIэу,
Зишыхьауэ илъщ утыку.



– Сэ фэ нэхърэ сынэхъыкIэ,
Е нэхъыкIэ сызыщIар?–
ЩыщIэр игу иримыхьэкIыу,
Белми наIуэ зыкъищIащ.

ЕкIуэкIынти а зэдауэр,
Щхьэж игу щыщIэр иIуэтэху,
Ауэ, вагъуэхэр бзэхауэ,
ЯмыщIэххэу мэщыр нэху...

ЖьгъейкIэ къеджэуэ ямыдэу
Хьэпшып къом тхьэусыхар
Щхьэж и занщIэкIэ апхуэдэу
Къуажэ псом зэбгырахащ.

ЯмыIэжуи гукъеуэ,
Ягурэ я щхьэрэ зэтелъщ,
Сэбэп хъумэ,
Зыри жьгъейкъым–
Псоми Iуэху гуэр къапэщылъщ.



Iуах тыкуэныр и Iухыгъуэм.
Мес, щэхуакIуэхэр къэсащ...
Хьэпшып жьгъей зэмылIэужьыгъуэу
Псоми зыхуейр ялъысащ.

Ехь гъущI Iуни пхъэпси дадэм –
Ахэр абы ищэхуащ,
КIэпкъым дэлъу зыдихь уадэм
Быдэу иджы зиущэхуащ.
Ищэхуащ шэмэдж мэкъуауэм:
ЩIэуIукIи – еуэ мэкъу.
Зыщэхуар зикI къемыгуауэм,
Къытенэнкъым абы хьэкъ.

Жэз тасышхуэ ехьри нанэ,
Кхъуафэжьейуэ къыпфIэщIынщ,
Къуэрылъху цIыкIухэм абы пцIанэу
«Шопэ-шопэ» ныщащIынщ.

# Зэмыщхьу 10 къэгъуэт!





Адыгэшым, адыгэ фащэм, адыгэ уанэм хуэдэу мы хьэпшыпми ди лъэпкъыр цIэрыIуэ ищIащ.

- Сыт зищIысыр?
- Сыт и фIагъ?

Бжыгъэхэм фытету фрикIуэурэ къэфтхъыхь, влэж. Ди упщIэхэм я жэуапхэр къытIэрывгъэхьэ.



# КЪЭЩІЭРЕЙ



**1.** Псалъэзэблэдзым итха псалъэмрэ бжыгъэхэмрэ тегъэщІапІэ фщІыи Іэмэпсымэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ къафщІэ.




| | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| б | дз | у | м | э | | | | | | | |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| | | | | | | | | | | | |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |

**2.** Псалъэзэблэдзым имыхуа ІэмэпсымитІым зэреджэр ребусым къыщыбгъуэт.









Фи лэжьыгъэхэр дигъэхь мы электроннэ адресымкІэ: masirat-bekanova@mail.ru.

НУР ЩЫКІУРАШ

Зыгъэхьэзырар
**БЕКЪАН Масирэт**







Фокlадэм и 1-м 2016 гъэм Хьэтlохъущыкъуей дэт кадет еджапlэ – интернат № 1-м и 5-нэ классым къащтащ еджакlуэ тlощlрэ зырэ. Сурэтым ахэращ ифлъагъуэр.

Нэгъабэ Сочи щекlуэкlа урысейпсо зэхьэзэхуэ «Олимпийская Зарница» еджакlуэ 400-м щlигъу зыхэтам, мы гъэм «Эльбрусская зарница» урысейпсо зэхьэзэхуэм, – тlуми ЯПЭ УВЫПlЭ къыщахьащ мы еджапlэм и еджакlуэхэм. Ехъулlэныгъэ я куэдщ, адрейхэми щапхъэ яхуэхъуу.

Илъэс пщыкlузым ит щlалэ цlыкlухэм а фащэ щатlэгъам и пщlэр, абы ухуэфэщэн зэрыхуейр къагуроlуэ. Егъэджакlуэхэр хущlокъу а щlалэщlэхэр Хэкум и къыщцыжакlуэ хъуным, ягу хэхъуэуи ядолажьэ.

*Ежемесячный журнал для детей «Нур»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 2 2017 г.

**Учредители:**
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям
Общественная организация «Союз писателей КБР»

И. о. главного редактора
**Б. М. АБРОКОВА**

Редколлегия
**Х. КАРМОКОВ**
**А. КАРМОВА**
**Е. ТХАМОКОВА**
**Х. ТИМИЖЕВ**
**Н. ХАТУЕВ**

Художественный редактор
**М. ХАЛИЛОВА**

**Рис. обложки П. МАМБЕТОВ**

Компьютерный набор и вёрстка
**Н. РАСТОРГУЕВОЙ**

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07-00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по КБР.

Подписано к печати
17.02. 2017 г.
Выход в свет 30.01. 2017 г.

Формат 60х90 $^1/_8$
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Minion Pro, Times New Roman, bee money, BP
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч-изд.л. 2,7

Тираж 2960 экз.
Заказ № 69
Индекс 73912
**Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 11,64 руб.; за 6 мес.– 69,84 руб.**

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: **42-17-53, 42-75-30**
**nur46@mail.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР – Медиа».
Дом печати.

Отпечатано
ООО «Печатный двор»
360030, КБР, г. Нальчик,
ул. Калюжного, 1
printhouse07@gmail.com,
Тел./факс 8(8662) 74-11-33.